**CHIMBOY TUMANLARARO IQTISODIY SUDI**

*231400, Chimboy tumani, Dustlik koʻchasi, r/u.*

**CHIMBOY INTER-DISTRICT ECONOMIC COURT**

*231400, Chimboy, Dustlik guzori street,*

Tel: (55) 102-40-54 (199) e-mail: i.chimboy@sud.uz

## Өзбекстан Республикасы атынан
## ШЕШИЎШИ ҚАРАРЫ

**Шымбай районы 2023-жыл 09-август 4-2304-2302/1464-санлы ис**

Шымбай районлар аралық экономикалық судының судьясы Н.Балтабаеваның басшылығында, судья жәрдемшиси Б.Ибрагимовтың хаткерлигинде, арза бериўши ўәкили ХХтың (исеним хат тийкарында) қарыздар ХХның қатнасыўында, арза бериўши Қарақалпақстан Республикасы салық басқармасы қарыздар «ХХ» фермер хожалығын банкротлықтың әпиўайыластырылған процедурасы бойынша төлеўге қәбилетсиз деп таныў ҳаққындағы арзасын Шымбай районлар аралық экономикалық суды имаратында ашық суд мәжлисинде көрип шығып, төмендегилерди

**А Н Ы Қ Л А Д Ы:**

Қарақалпақстан Республикасы салық басқармасы қарыздар «ХХ» фермер хожалығын банкротлықтың әпиўайыластырылған процедурасы бойынша төлеўге қәбилетсиз деп таныўды сораған.

Арза бериўши ўәкили суд мәжлисинде арзаны қанаатландырыўды, қарыздарды төлеўге қәбилетсиз деп табыўды сорады.

Қарыздар суд мәжилисинде нызамлы шешим қабыл етиўди сорады.

**Суд, ис бойынша топланған ҳүжжетлерди үйренип шығып төмендегилерге тийкар арзаны қанаатландырыўды мақул тапты.**

Өзбекстан Республикасы «Төлеўге қәбилетсизлик ҳаққында»ғы Нызамының (кейин-Нызам) 5-статьясы биринши бөлимине тийкар, төлеўге қәбилетсизлик белгилери төмендегилерден ибарат:

ўақтынша төлеўге қәбилетсизлик-егер тийисли миннетлемелер жүзеге келген сәнеден үш ай ишинде қарыздар тәрепинен орынланбаған болса, қаланы қураўшы кәрхана ҳәмде оған теңлестирилген кәрханалар тәрепинен болса-алты ай ишинде орынланбаған болса, судқа мүрәжат етиў сәнесинде қарыздардың пул миннетлемелери бойынша кредиторлар талапларын қанаатландырыўға ҳәм (яки) салық ҳәм жыйымлар бойынша өз миннетлемелерин орынлаўға мүмкин емеслиги;

мудамы төлеўге қәбилетсизлик-егер судқа арза бериў сәнесиндеги ҳәм арза берилген жылдың басындағы есабат дәўиринде, егерде арза жылдың биринши шерегинде берилген болса, өткен жылдың басындағы есабат дәўиринде қарыздардың миннетлемелери оның активлери баҳасынан асып кеткен болса деп белгиленген.

Усы статьяда нәзерде тутылған қағыйдалар төлеўге қәбилетсизлик ҳаққындағы ислер әпиўайыластырылған тәртипте көрип шығылып атырылғанда, физикалық шахслар, сондай-ақ, жеке тәртиптеги исбилерменниң төлеўге қәбилетсизлиги ҳаққындағы ислер көрип шығылып атырылғанда қолланылмайтуғынлығы белгиленген.

Өзбекстан Республикасының «Төлеўге қәбилетсизлик ҳаққында»ғы Нызамының 241-статьясына муўапық өз искерлигин тамамлаған қарыздар жеке тәртиптеги исбилермен яки тамамланып атырған юридик шахстың баслығы ҳәзир болмаған жағдайда, ҳәзир болмаған қарыздарды төлеўге қәбилетсиз деп табыў ҳаққындағы арза, кредиторлық қарызы муғдарынан қәттий нәзер, кредитор, ўәкилликли мәмлекет уйымы, мәмлекет салық хызмети уйымы яки басқа ўәкилликли уйым тәрепинен бериливи мүмкин.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 1-февраль күнги ПҚ-4146-санлы "Банкротлықты жәнеде әпиўайыластырыў ҳәм суд басқарыўшылары искерлигин түптен реформаластырыў ис-иләжлары ҳаққында"ғы Қарарының 1-бәнди 2-хатбасышында мәмлекетлик салық хызмети уйымлары салық ҳәм басқа мәжбүрий төлемлер бойынша қарыздарлықты өндириў имканияты болмағанлығы себепли орынлаў ҳүжжетлери қайтарылған күннен баслап 30 күннен кешиктирместен банкрот деп табыў ҳаққындағы арза менен судқа мүрәжаат етеди.

Ис материалларына қосылған ҳүжжетлерге қарағанда арза бериўши пайдасына қарыздардан салық төлемлериниң өндирилиўи бойынша нызамда белгиленген тәртипте тийисли иләжлар көрилген.

Суд қарыздардың мәжбурий төлемлер бойынша өз миннетлемелерин орынлаўға мүмкин емеслиги себепли арза талабын қанаатландырыўды, қарыздарды "төлеўге қәбилетсиз" деп табыўды, оған сапластырыўға байланыслы ис жүритиў процедурасын қоллаўды лазым тапты.

Жоқарыдағыларға тийкар, суд қарыздарды Өзбекстан Республикасының «Төлеўге қәбилетсизлик ҳаққында»ғы Нызамының 241-статьяларына муўапық банкрот деп табыўды, Өзбекстан Республикасы "Мәмлекетлик бажы" ҳаққындағы Нызамның Мәмлекетлик бажы ставкалары ҳаққындағы қосымшаның 2-бәнди "в"-киши бәнтине тийкар қарыздардан республика бюджетине базалық есаплаў муғдарының 3 есеси муғдарында яғный 990.000 сум мәмлекетлик бажы пул өндириўди, төленген 33.000 сум почта қәрежетин қарыздардан арза бериўшиниң пайдасына өндириўди мақул тапты.

Усы жоқарыдағыларға тийкарланып, Өзбекстан Республикасы «Төлеўге қәбилетсизлик хаққында»ғы Нызамының 241-статьяларын ҳәм Өзбекстан Республикасы Экономикалық Процессуал Кодексиниң 36, 176-179, 210-статьяларын басшылыққа алып, суд

**ҚАРАР ЕТТИ:**

1.Арза бериўшиниң талабы қанаатландырылсын.

Қарыздар «ХХ» фермер хожалығы банкротлықтың әпиуайыластырылған процедурасы бойынша «төлеуге қәбилетсиз» деп табылсын, сапластырыў өндириси ашылсын.

2.Қарыздар «ХХ» фермер хожалығы (СТИР ХХ) сапластырыў басқарыўшысы етип **суд басқарыўшысы ХХ** бекитилсин.

3.Сапластырыў басқарыўшысына қарыздар банкрот деп табылғанлығы хаққында газетада жәриялаў, белгиленген тәртипте сапластырыў жумысларын алып барыў, сапластырыў режесин дүзиў, қарыздардың мал-мүлкин анықлаў, егерде анықланған жағдайда өзиниң басқарыўына алыў, экономикалық судының талабына тийкар мағлыўматлар берип барыў ҳәм сапластырыў жуўмағы бойынша жуўмақлаўшы есабатын **2023-жыл 09-октябрь күнине** шекем экономикалық судына усыныў жүкленсин.

4. Қарыздар «ХХ» фермер хожалығынан 33.000 сум почта қәрежети Қарақалпақстан Республикасы салық басқармасы пайдасына өндирилсин.

5.Қарыздар «ХХ» фермер хожалығынан республика бюджетине 990.000 сум мәмлекетлик бажы пул өндирилсин.

Орынлаў хатлар берилсин.

6.Шешиўши қарары дәрҳал орынлаўға қаратылсын.

7.Шешиўши қарарға наразы тәреп бир ай мүддет ишинде усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына апелляциялық тәртибинде арза, прокурор (протест) бериўге хақылы.

**Судья:** **Н.Балтабаева**